


# *KUENDA KAMWEKAMWE, KWAKAVANZIKA KWE CHECHI*

 Inofanira kuita kuti chero ani zvake anzwe zvakanaka, handizvo here, sumo yakadaro? Zvakanaka. Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana chemunamato tisati tavhura Shoko.

<sup>2</sup> Ishe, tinoti sevaya vekare, “Ndakafara pava kati, ‘Handei kuImba yaShe.’” Hatigone kuwana nzvimbo iri nani yokuva tiri, nhasi, inopfuura kuva pano chaipo pamwe neungano yaShe, mukunamata. Kunyangwe kuchinaya, kunze, uye pangava nekutambura nezvimwe, asi kana tiri muHupo hweNyu, tine kunyemwerera uku kwekugutsikana, kuti tinoziva kuti Munonzwisisa uye muri kuita kuti zvinhu zvose zvigotiitira zvakanaka.

<sup>3</sup> Tinokumbira chikomborero chakatsaurwa mangwanani ano kune avo vasina kukwanisa kusvika kushumiro. Vazhinji, zvichida, vangadai vauya dai mamiriro ekunze anga asina kunyanya kuipa. Asi dai vawana nyaradzo pakuverenga Shoko reNyu, nekuteerera kuvashumiri paredhiyo, nezvirongwa zvakagadzirirwa vanhu ivavo.

<sup>4</sup> Tinokukumbirai kuti Mugonyanya kuropafadza avo vari muHupo hwaMwari, nokuda kwekushingaira kwavo pakuuuya mangwanani ano, kuzonzwa Shoko raShe, uye nekushumira kwaAri neMapisarema nemu—mumunyengetero, nomukuvonga.

<sup>5</sup> Uye tinokumbira, Mwari, kuti Mugobata mitumbi yevanorwara nevane zviri kudiwa pavari, avo vakamirira iye zvino, vauya kubva kure kuti vazonamatirwa.

<sup>6</sup> Uye tinokumbira kuti Muzongotarisa patiri, uye motaura nesu, kuti isu tiri pano mangwanani ano tigoita ongororo yechinhano chedu isu pachedu. “Ndzinzvereiwo,” akadaro mumwe wevaporofita, “mugondiyedza, muone kana paine chakaipa mandiri.” Uye zvakare, Ishe, mukutsvaga uku, kana Mukaona kuti mune chakaipa matiri, ticheneseiwo, Ishe, apo patiri mukuzvinipisa kureurura zvivi zvedu nemaitiro edu akaipa.

<sup>7</sup> Uye tinokumbira bedzi kuti Mugotirangarira paMunotarisa kuna Jesu, Mwanakomana weNyu, uYo akafa kuti ave yananiso yezvivi zvedu nekusarurama kwedu. Sezvatiri kupupura kuti tinotenda kuti Akafira chinangwa ichochi, ndokumuka zvakare, kuti tive nemukana mukuru wekuita izvi, mangwanani ano. Zviiteiwo, Ishe.

<sup>8</sup> Uye taurai nesu kuburikidza neShoko reNyū rakanyorwa, patinoramba takamirira kunzwa kubva kwaMuri. MuZita raJesu tinonamata. Amenī.

<sup>9</sup> Tinoda kuvhura Magwaro mangwanani ano kuti tiverenge kubva muBhuku raVaTesaronika, chitsauko 5. Uye ndine avo vane zvikumbiro zvemunamato zvakare, mangwanani ano, mazita acho akanyorwa. Izvo, munamato uchaitwa pakarepo mushure mesevhisi iyi yekuparidza. Ndinotenda, kwechinguvana, kunemi muri kuvhura maBhaibheri enyu, ngativhurei kuna VaTesaronika Vokutanga chitsauko 5, uye tigoverenga kwenguva shoma.

<sup>10</sup> [Imwe hama inoti, “Buditsai henyu makirasi eSunday school.”—Mupepeti] Ndine urombo. Pamuri kuvhura Bhaibheri renyu, ndizvo...vava havasati vabuditswa kuti vaende kumakirasi avo akasiyana-siyana. Mungapfuurira mberi here zvino kuenda kumakirasi enyu, imi vana vadiki nevezera rekuyaruka, nevakadaro. Endai kumakirasi enyu chaiko.

<sup>11</sup> Uye pamuri, kana muchigona zvino, kuverenga, kana kuvhura maBhaibheri enyu kuna VaTesaronika Vokutanga chitsauko 5.

<sup>12</sup> Uye kana zvichibvira kuti bhodhi rematirastii riripo panguva ino, ndingada kuvaona nguva shoma mushure mesevhisi, muhofisi yemadhikoni, pane rimwe basa. Uye kana vasiri pano, mumwe munhu ngaavasvitse shoko rekuti ndinoda kuvaona manheru ano, sevhisi isati yatanga, muhofisi yemadhikoni.

<sup>13</sup> Zvino semusoro wenyaya, ndinoda kutora uyu semusoro wenyaya mangwanani ano: *Kuenda Kamwekamwe, Kwakavanzika KweChechi.*

<sup>14</sup> Ndinga...regai ndizvizivise zvakare, nekuti ini handina kuwana nguva yakawanda yekufanodzamisa pfungwa pane chero chitaurwa, asi kungokurumidza. Taive kunze husiku nezuro, uye hatina kudzoka nezuro manheru kusvika nguva yatopera. Uye ndichimhanyira zasi kuno mangwanani ano, asi izvi zvanguya mupfungwa dzangu. Uye pamwe, garegare, ndinogona kubata mumwe chinhu chingaitira mumwe munhu zvakanaka. Ndinoda chidzidzo ichi, “Kubvutwa kamwekamwe, kwakavanzika kweChechi.” Uye zvino muna VaTesaronika Vokutanga chitsauko 5.

*Asi kana dziri nguva nemwaka, hama dzangu, hamusungirwe kuti ndikunyorerei.*

*Nekuti imi momene munoziva kwazvo kuti zuva raIsherinosvika sembavha usiku.*

*Nekuti kana vave kuti, Rugare nechengetedzo; ipapo kuparadzwa kwechiriporipo kunovawira,*

*sekurwadziwa kwemukadzi une mimba; uye havangatongopukunyuki.*

*Asi imi, hama dzangu, hamusi murima, kuti zuva iro rikubatei sembavha.*

*Imi muri . . . vana vechiedza, nevana vemasikati: hatisi veusiku, kana verima.*

*Naizvozvo ngatirege kuvata, sezvinoita vamwe; asi ngatirindei uye tive vakabengenuka.*

*Nekuti avo vanovata vanovata usiku; uye avo vanodhakwa vanodhakwa usiku.*

<sup>15</sup> Zvino ndinoshuva kuti mugotarisa kune rimwe divi repeji, kana akarongwa sekudaro muBhaibheri renyu, kusvika kundima 16, 17 ne 18 dzechitsauko 4 cheVaTesaronika Vokutanga.

*Nokuti Ishe amene uchaburuka kudenga nokudanidzira, nenzwi romutumwa mukuru, nehvamanda yaMwari: uye vakafa muna Kristu vachatanga kumuka:*

*zvino isu vapenyu vakasara tichabvutwa pamwe navo mumakore, kuti tichingamidze Ishe muchadenga: saka naizvozvo tichava naShe nokusingaperi.*

*Naizvozvo nyaradzana nemashoko aya.*

<sup>16</sup> Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo dzvene.

<sup>17</sup> Ichi chinhu chisina kujairika, kutaura nezvechidzidzo chakadai mangwanani andauira kuzo—kuzoshumira kune vanorwara. Asi kune hurwere hwakakura kupfuura hurwere hwepanyama. Uye zvakatonyanya kukosha kuti tive nehutano, pachititiko chikuru ichi chiri kugadzirira kuitika, kupfuura kuva vakarara munaShe, ndiko kuti, kufa, sekuziva kwatinokuita. Zviri nani kuve wakagadzirira. Ndingasva hangu ndava munhu anorwara, ndakagadzirira naShe, pane kuva mutano, ndisina kugadzirira kuenda naShe. Asi chero hazvo zvazvingava, Mwari vanoda kwazvo kuti tive zvose vatano uye takagadzirira, mweya nemutumbi. “Nokuti iVo vanoregerera kusarurama kwedu kwose, uye vanopodza hurwere hwedu hwose.” Akafira chinangwa chinoreva zvakawanda.

<sup>18</sup> Uyezve, ini ndichifunga nhasi pamusoro pechidzidzo ichi, “Kamwekamwe, uye kwakavanzika.” Ndinofarira izvozvo. Mwari . . .

<sup>19</sup> Vanhu vari kurarama nhasi sekunge, apo Kuuya kwaShe Jesu kwave kutosvika, sokuti Vari kuzotumira hondo yeNgirozi zasi kumapepanhau ose, uye, kwegore kana kudarika, vozvizivisa pasi rose, mupepanhau, kuti, “Nemusi wokuti-newokuti, Jesu ari kuzosvika.” Uye kuti zvigotepfenyurwa paredhiyo, nekuiswa

paterevhizheni, nekweke-kweke, zuva chairo nenguva chaiyo yaAizouya. Zvino ndiwo mararamiro anoitwa nevanhu nhasi.

<sup>20</sup> Asi, Mwari vakataura muShoko raVo, kuti, “Zvichaita sembavha inouya, usiku.”

<sup>21</sup> Kana zvikadaro, vanhu vaizoti, sekufunga kunoita nyika nhasi, “Oo, manjeka, panotova nenguva yakawandisa. Ndicha...Zvichazonyatsoziviswa zvakanaka.” Zvino, asi, munoono, zvinoziviswa, asi kuzivisa kwakavanzika. Ndeavo chete vari kuda kuti vazvinzwe. Avo vari kuda kuzvipa mukana wekufunga nezvazvo neku...avo vanoda Ishe.

<sup>22</sup> Ndinofunga zvino nezvakataurwa naPauro paakati iye, “Pane korona yokururama yandakachengeterwa, yandichapiwa naShe, Mutongi akarurama nezuva iro.” Akabva amira. Makacherechedza here? Uye akati, “Kwete ini ndoga, asi kuna vose vanoda kuonekwa kwaKe.” Kana tichida kuonekwa kwaKe!

<sup>23</sup> Kazhinji munyika nhasi, vanhu vanofunga nezvekuonekwa kwaShe sechinhu chinotyisa, chinovhundutsa. Oh, nyika inogona kusvika pane kwayo...“Usataure neni nezvazvo,” vanodaro. Havadi kuziva nezvezvinhu izvozvo. Havana hanyin’a nazvo; nokuda kwehupenyu hwanhasi chete. Asi avo vanoda Ishe, vanoda kuonekwa kwaVo.

<sup>24</sup> Ko kana mumwe wemudikanwa wako, vamwe venyu imi vanhu vakuru, toti mai vako vakaenda, kana baba vako, kana mucheche wako, uye vanga vasipo kwemakore akawanda kwazvo, uye wobva waziva kuti vangoonekwa chero nguva? Handiti, unoita kuti imba yako icheneswe. Unenge wakangogadzirira uye uchitarisa mumugwagwa iwoyo, nokuti, chiedza chemotokari chese changoonekwa, unotofunga kuti ndivo.

<sup>25</sup> Zvino ndiyo nzira iyo Chechi inofanira kunge yakatarisira Kuuya kwaShe. Zvose muhurongwa, zvose zvakagadzirirwa, zvose zvakarongedzwa uye yakagadzirira kuenda Vachingosvika chete, nekuti, “Zvichava muchinguva chisipi, mukubwaira kweziso.” Ingoedza kuona kuti inguva yakadii ingatorwa neziso rako kuti ribwaire, ndiwo makurumidziro achaita Kubvutwa kweChechi.

<sup>26</sup> Munoziva, muvengi anogara achishandisa nzira idzo—idzo dzinoshandiswa naShe. Munoziva, paakaona kuti Mwari vaizova neChechi yakarurama, uye nezvinhu zvaVanga vari kuzoita, muvengi akashandisa zano rimwe chetero. Ane chechi, uye ane vanhu vanotonamata zvikuru. Uye vanotongova pane zvose hazvo, se—sevanhu vanonamata, nekuti anoziva kuti Chechi yaKristu iri nenzira imwe cheteyo.

<sup>27</sup> Uye anozviita muhupenyu hwechiuto. Ndakanga ndichiverenga chinyorwa imwe nguva yapfuura, pamusoro pekurwiswa kamwekamwe kwePearl Harbor. Uko kwaisava,

chaizvoizvo, kumwewo kurwiswa kwavaisaziva nezvako. Vakange vatoyambirwa kare kuti maJapani vari kuzozviita. Asi chinusuwisa hechi, vakafuratira yambiro iyoyo. Vakanga vaona zviratidzo, uye mauto eJapani achiungana pamwe chete, nezvikepe zvikuru zvichitakudzwa zvombo, uye njodzi yacho yaitova pedyo chaipo. Uye vakanga vari mugwara chairu rokuti vasvikirwe nemhandu, asi vakazvifuratira.

<sup>28</sup> Ndizvo zvazviri nhasi nechechi. Chechi iri mumutsara wekutongwa, asi vari kufuratira Kuuya kwaShe. Saka haugone kuMupomera mhosva.

<sup>29</sup> Ivo vakati, pazvakaziviswa kwese, kwakapoteredza, muPearl Harbor, kuti maJapani anogona kurwisa chero nguva, uye kuti ngarava dzavo huru dzakanga dzava mumvura dzemugungwa uye dzakanga dzichifamba zvisroma asi zvakadzikama dzakananga kuPearl Harbor, kuti vakatongozviseka havo. Uye vakati, “Haiwawo, hazvina maturo. Imi maboorangoma. Imi munongonetseka nezvinhu zvisina basa. Munongofunga matambudziko chete.”

<sup>30</sup> Uye pahusiku uhwu, kurwisa kukuru kusati kwaitika mangwanani akazotevera acho, kwaiva nedhanzi huru, kana kuti pati huru yakaitwa muPearl Harbor macho imomo. Uye zvisinei nekuti vakaedza zvakadini kutaura kuti maJapani akanga achiuya, ivo vakaramba kuteerera yambiro.

<sup>31</sup> Ngatingovatarisai kwemaminiti mashoma. Pane tunhau twarepardiho tunonzwikwa. Uye kachikamu kadiki pakona pebepa, sekushambadzwa kungaitwa mbuserere yekupodzwa kwevarwere, kangori kanzvimbo kadiki, kuti maJapani vakanga vari munzira yavo mumvura dzemugungwa, boka guru rengarava rakananga rakananga ikoko. “Hazvina maturo,” vanodaro vamwe. “Hatitende mune zvinhu zvakadaro. Chii chamuri kuedza kutivhundutsira nezvacho?”

<sup>32</sup> Uye ipapo tinoona, tichisvika pedyo nehusiku, ndiri kuona kumba chaiko, panzvimbo yekuti vagadzirire kubuda muguta umu, handiti, vasikana vaduku vose vakanga vachitopfeka marokwe avo matsva, nezvimwe zvakadaro. Vakanga vachienda zasi kune aya makuwerere makuru kwazvo avaizova nawo.

<sup>33</sup> Uye, zvakare, vakuru veMauto vaiva mubishi rekunyora tupepa twemvumo yekuendako kuitira kuti masoja ose auye kupati iyi, pati huru yekunwa zvinodhaka. Zvino marori akanga achidzvova nokurira, vachiunza doru ravo rakanakisisa, newaini yavo nezvimwe, zvepati iyi. Uye nguva yose iyi, ngarava dzemaJapani dziri munzira yadzo kuuyako, uye ndokutadza kunzwa yambiro.

<sup>34</sup> Zvino zuva rakati rotanga kuvira, uye vakaungana vose mumabhawa aya makuru epanzvimbo. Zvichida kune rimwe divi pamwe panhu, anotengesa mubhawa achipukuta pakaunda

yebhawa kana chimwe chinhu, akataura zvimwe zvakada kudai, “Nhawe, wambonzwa here runyerekupe?”

“Kwete, handitendi kuti ndarunzwa,” akadararo murume waaitaura naye.

<sup>35</sup> “Oo, vari kutaura chimwe chinhu pamusoro pezvikepe zveJapani zviri kuuya nekuno.” Zvino mumwe munhu anobva apindawo muhurukuro yacho.

<sup>36</sup> Zvino mumwe musikana mudiki, akapata anosvetukirapo, oisa tsoka yake pakaunda yebhawa, obva ati, “Imi anamusoro bhangu wakazara nekutya, hamuzive here kuti tiri pano kuti tifare kwete kutaura nezvehondo?”

<sup>37</sup> Kana isiri iyo nzira iyo nyika iri kutaura nhasi pamusoro peKuuya kwaShe! “Imi vanhu vechinyakare vakasaririra, vekumashure, chii chinokuitai kuti mupfeke nekuzvibata nekuita maitiro amunoita?” Asi tiri kutarisira kuonekwa kuya kwaShe, kamwekamwe kwakavanzika. Nokuti pane chimwe chinhu mumhepo, Mharidzo yeMweya Mutsvene, inotiudza kuti Kuuya uku kwave pedyo.

<sup>38</sup> Zvino makuwerere aya akaenderera mberi, uye, oo, chinofanira kunge chaiva chinhu chakaipa usiku ihwohwo. Nokuti zvakanzi pane imwe nguva usiku, vakatora mudzimai wechidiki, musikana wechidiki akaumbwa zvakana, vakamukurura nguwo dzake, ndokumuisa mungoro duku akangopfeka ngu imwe chete yomukati, ndokumhanyisa zasi mumugwagwa nezvakadararo, vachingova havo nenguva huru kwazvo. Uye nguva yose iyoyo, maJapani vakanga vachiswederera pedyo, vachitouya chaizvo.

<sup>39</sup> Uyezve mangwanani akatevera, varume pavainge vari pandima dzavo dzebasa, nezvinoongorora ndege zvichishanda, nezvakadararo, vakanga vabuda usiku hwose, vakadhakwa, uye vachimhanyidzana nemadzimai aya nezvimwe zvakadararo, vainge vakazara nehope vaine bhabharasi mangwanani akatevera acho, kubva kupati huru iyi, kusvikira vakabatwa varere pabasa.

<sup>40</sup> Uye ndinotyia kuti zvichave saizvozwowo paKuuya kwaShe. Chechi yakabatikana uye yakadhakwa nekufunganya kwenyika, kusvikira vachange vavete vari panzvimbo yebasa, paKuuya kwaShe.

<sup>41</sup> Zvino ipapo ndege dzakabhururuka nepamusoro peguta, nemabhomba akadonha, uye vakangoparadzira guta iroro, pasi. Sei? Nekuti havana kuteerera kuyambiro. Uye mudzimai wechidiki uya, pamwe chete nevamwe vose, pakazopinda masoja ekuJapani, ane hutsinye achimhanyira imomo, vakavabhinya mumugwagwa, ndokuvacheka-cheka nemapanga, mushure mazvo, nezvimwe zvakadararo. Nokuti kana ukasateerera kuyambiro, pane chinhu chimwe chete chasara, ndiko kutongwa.

<sup>42</sup> Oo, kana pakambova nenguva iyo America iyi yakamboderera zvakanyanyisa, iko zvino, pane zveunzenza hwayo, pakusava nehanyin'a kwayo! Vhangeri rakaparidzwa kubva kumahombekombe kusvika kumahombekombe. Uye zviratidzo nezvishamiso zvikaitwa. Uye minana mikuru yakaitwa, uye vanoramba vachienderera mberi nekufarisa kwavo, vachinwa, vasingateereri, vachiseka.

<sup>43</sup> Kubva pamapurupiti 200,000 ari muAmerica, emachechi echiProtestanti, chatinoda nhasi mumapurupiti iwayo vaporofita vaShe, vasingatyi kuputitsa mheni dzaMwari dzekutonga pachizvarwa chino chevanhu vezvivi chatiri kuparidza kwachiri. Tinoda vaporofita vakaita saSaya akadanidzira achiti, "Chizvarwa chakaipa!" Uye kuti akapomera sei chizvarwa ichocho mhosva, ndokuvaudza nezvekutongwa kwaiuya.

<sup>44</sup> Asi, nhasi, vazhinji vevashumiri vedu vanotyta kutaura zvinhu izvozvo. Vanotyta kupa uchapupu hwakananga hweyambiro, nokuti zvinozovatorera mamwe emabasa avo. Vanotozosiya sangano ravo, kusiya mapurupiti avo. Uye vanotozofanira kuti—kuti vabude, zvichida, pamwe, uye vondotora imwe nzvimbo pane imwe chechi kana chimwe chinhu. Asi zvakatonyanyisa kuipa kuti tine vanhu vemhando iyoyo mumapurupiti edu.

<sup>45</sup> Tinoda varume vakaita saJohn Wesley, vekuvandudzwa kwepakutanga, Martin Luther. Tinoda vanhu vakaita saPauro, vanoda kupa zvose, uye nekuzvipira ivo pachavo, kunyange kana zvichireva kupatsanurwa kubva muupenyu huno, sechapupu cheEvhangeri yechokwadi yaJesu Kristu.

<sup>46</sup> Zvazviri, nhasi, kuti dzidzo nemasosaiti uye nekakumhanyidzana, nezvinhu zvakapfava zveemasosaiti, nemanzwiro avo ivo, zvatora nzvimbo yeMweya Mutsvene muchechi.

<sup>47</sup> Chatinoda, nhasi uno, kuti chidanidzire kuAmerica, varume vakatumwa naMwari, vakazadzwa naMwari vane Simba reMweya Mutsvene, vasingatyi kudandzira vachipikisa chinhu chakashata, uye nekuyambira vanhu nezvekutongwa kuri kuuya.

<sup>48</sup> Mwari havaizomborega nyika ino ichipukunyuka kutongwa. Kana Mwari vari vazodaro, vanotozofanirwa kumutsa Sodhoma neGomora, vokumbira ruregerero kwavari nekuda kwekuvanyudza, pavakanga vari vanhu vakaipa kwazvo. Isu hatina—hatina pembedzo pamberi paMwari. Zvatava nhasi, kana zviri zvevatongerwo enyika, kana zviri zvehurumende yedu, zvaora, zvose hazvo kubva kune vakuru kusvika kuvadiki vacho. Hapasisina nduramo zvachose, kunze bedzi muna Mwari.

<sup>49</sup> Oo, tinoti tinovimba ne UN, United Nations. Uye mumakore anenge 5 apfuura, vaive nezvikamu 51 kubva muzana

zvemacommunist, panyika dziri mu UN. Hapana chekuvimba nacho kunze kweShoko raMwari mupenyu. Hatingavimbe nechimwe chinhu iko zvino, kwete zveinatongerwo enyika.

<sup>50</sup> Ndanga ndiri pakutongwa kwemwedzi 3 kana 4 yapfuura, zvichipisa kwazvo, vachiedza kundipomera mhosva yekuita chimwe chinhu chisina kunaka, pakupfuudza mari nemutabhenakeri ino, kuitira misangano. Zvinova izvo kuti, bhodhi redu rematirastii pano rakasaina chibvumirano chacho. Uye hapana munhu akambopinda misangano yangu asi ndakazivisa pachena kuti mari iyi yakatorwa mune yedu... mumisangano yangu, yakafambiswa ichipfuura nemuchechei ino. Uye zvino vanoti, nokuti ndakayiisa kuburikidza nemuchechei, ndakanga ndichiedza kubira hurumende, uye vanoda kundivharira kwemakore 20 kuFort Leavenworth, Kansas, nokuda kwazvo.

<sup>51</sup> Ndakati, “Izwi ripi iro rakanyorwa pamusoro pamatare edu—edu edzimhosva, ‘Nduramo’? Haricharevi chinhu zvachose sekunge risina kana kutombonyorwa ipapo.” Ndakati, “Pane zvose zvandakaudzwa nevanhu venyu kuti ndiite, ndakazviita. Manje iko zvino imi moti havasisiri muhurumende zvachose. Mungagodaro sei? Unogadzirisira chimwe wochiratidza pachena, ipapo vanobva vavhomora chimwewo zvakare.” Kwete izvozvo chete, asi ivo imvuche-mvuche.

<sup>52</sup> Ndakataura izvi mumatare edzimhosva enyika. Ndakati, “Dai communism yanga ine chiKristu mairi, ndingadai ndiri mukomunisiti.” Asi handigone kudaro, nekuti inoramba Chikristu.

<sup>53</sup> Saka ndine ruoko rumwe rwekubata kwarwuri, ndirwo ruoko rwaMwari rwusingashanduki, ndichiziva kuti Vacharemekedza chokwadi nerukudzo. Zvinofanira kubuda, mukururamisa.

<sup>54</sup> Asi kukuzivisa kuti hakuna tariro chero kupi hako, kunze kwemuKuuya kwaShe chete.

<sup>55</sup> Oo, izuva guru kwazvo ratiri kurarama, inguva ino— inotyisa zvikuru! Apo, chinhu chose chenyama, kunyangwe kuchechei pachayo, vanhu vemuchechei, masangano emachechei, vanobatikana zvikuru netumisayano twavo—twavo, kusvika pekuti havatomboyanani mumwe nemumwe, uye vasingatore yambiro yekuti Kuuya kwaShe kwave pedyo.

<sup>56</sup> Varume vakaita saBilly Graham, naJack Shuler, naOral Roberts, nevazhinji vevavhangeri vakuru, naCharles Fuller, vanoparidzira pasi rose, vanoita zvose zvavanogona, kupa yambiro yeKuuya kwaShe. Uye varume ivavo pachavo, varume ivavo vanoedza kuita chakanaka, ndivo vanhu avo hurumende yedu inoedza kubvambura kuita zvidimbu-zvidimbu.

<sup>57</sup> Ndakati kune mumwe munhu, “Changamire, makore 28 ehupenyu hwangu, ndakaenda paartari yaMwari, mukuedza



kuita zvakanaka. Uye ndinoda kuti mumwe munhu anditarise mumaziso, uye andiudze kana ndakambotsotsa chero ani zvake kubva pane chimwe chinhu, kana kumboba chero chinhu muhupenyu hwangu. Nenyasha dzaMwari, ndakachena.”

<sup>58</sup> Hazvirevi chinhu, pazviri, chinodarika kurira kwemunwe wako. “Une mhosva, zvakadaro! Uye uri mudzvanyiriri muchechi yako! Iwe unoridza munwe wako uye chechi yako inoita zvaunovaudza kuti vaite!”

“Oo,” ndakati, “vanhu vangava vasina nduramo sei?”

<sup>59</sup> Akati, “Wakapa vanhu zvipo paitsva dzimba dzavo. Heano macheke ako pawakapa chirikadzi mazana emadhora, nokuvabhadharira rendi, nokuita zvinhu zvakadaro.” Akati, “Wakaenda kubhodhi rechechi yako here ukavaudza kuti waizodaro?”

Ndikati, “Kwete, changamire.”

“Sei usina kudaro?”

<sup>60</sup> Ndakati, “Ishe vakandiudza, muShoko raVo, ‘Usaita kuti rwako rwekurudzi . . . ruoko rwako rwekuruboshwe ruzive zviri kuitwa nerwako rwekurudzi.’”

<sup>61</sup> Akati, “Ipapo uri kuyedza kutsigira nyaya yako neBhaibheri, uye isu tiri kukutonga nemutemo.”

<sup>62</sup> Ndakati, “Ndeupi mutemo wepamusoro-soro, wemunhu kana kuti waMwari?” Ini ndinotora mutemo waMwari.

<sup>63</sup> Makore mashoma bedzi, 2 apfuura, ndakanga ndiri pazororo rangu, ndiri munzira kudzoka.

<sup>64</sup> Kuno kuIndiana mitemo yekumhanya nemotokari makiromita 105 paawa masakati, uye umu mumigwagwa mikuru, migwagwa isina zvinomisa zvakananda. Uye unofamba makiromita 97 paawa husiku, mushure mekunge zuva ranyura. Ndizvo zvazviri muKansas. Ndizvo zvazviri muIllinois. Ndizvo zvazviri muColorado. Ndizvo zvazviri muIdaho. Ndizvo zvazviriwo muWyoming.

<sup>65</sup> Zvino ndiri munzira yangu yokudzoka, mushure mokugara mumatutu emazaya echando kwemazuva akati wandeidzvu mudutu remhepo; uye ndakanga ndichangobva kubata mhembwe huru, uye ndakanga ndiri munzira yangu kuenda kumba, kunoipa kushamwari dzangu. Uye ndaifanira kuti ndikurumidze kuedza kunzvenga rimwe dutu rakanga riri shure kwangu, kana kuti ndaizobatwa zvakananda, uye nyama iyi yaizoshata.

<sup>66</sup> Uye ndakanga ndayambuka kubva kuWyoming, ndokuuya kuNebraska. Ndakanga ndafamba makiromita 48, mukati, mumugwagwa. Zvino kamwekamwe, ndakatarisa kumashure, ndokuona getsi dzvuku remapurisa. Uye handina kumbobvira ndambosungwa muhupenyu hwangu. Saka, ndakangoenderera mberi. Ndakatarisa zasi, ndaifamba makiromita 97 paawa,

kunze pane. . . pamakiromita 48 kana 64 kubva kune guta ripi—ripi zvaro. Uye ndichingodzika hangu nemugwagwa mukuru, mugwagwa mukuru unofambwa nechipani chemota 4. Uye, ndakacherechedza, makiromita 97 paawa. Ndakatarisa shure, uye akatoramba achitevera shure kwangu chaiko. Zvino ndakangotarisa.

<sup>67</sup> Uye ndakaona getsi dzvuku richipenya, ndakafunga, “Manjeka, sei asiri kundidarika? Ane nzvimbo yakawandisa.” Uye ndakaramba ndakangomirira. Ndakadzikisa hwindo rangu, ndikanzwa sairini. Zvinoka, ndakafunga, “Ndagumirwa pakufunga kwangu kwese.” Akasvika pandaiva ndokundimisa.

<sup>68</sup> Ndakabuda mumotokari. Ndakafunga kuti, “Pamwe pane mamwe mashoko andisina kubata paredhiyo, zvichida kumba, mudzimai wangu kana mhuri.” Ndakabva ndabuda mumotokari muya, ndisina kana chipomwerwa zvangu.

Akati, “Ndofunga uri kushamisika kuti sei ndakumisa?”

Ndikati, “Ndizvozvo, changamire.”

<sup>69</sup> Zvino akati, “Wanga uchityora mitemo yekumhanya mumugwagwa.” Akati, “Unoziva here kuti wanga uchimhanya zvakadii?”

Ndikati, “Hongu, changamire.” Ndikati, “Ndanga ndichifamba makiromita 97 paawa.”

Akati, “Ndizvozvo chaizvo. Uye izvozvo zvinopesana nemutemo.”

Ndikati, “Haasi here 105 . . . ?”

<sup>70</sup> “Kwete, changamire.” Akati, “I 89 kuno. Wanga uchimhanyisa ne makiromita 8 pamusoro peanotenderwa.”

“Oo,” ndikati, “ndine urombo. Ndanga ndisingareve kudaro.”

<sup>71</sup> Akati, “Ndipe raisenzi rako rekutyaira. Chingondiratidza raisenzi rako.”

<sup>72</sup> Zvino ndakaritora kubva muhomwe mangu. Uye paakangoona shoko iroro rekuti ‘mufundisi,’ maziso ake akabva azara nemoto. Akatora bhuku rake ndokutanga kundinyorera tikiti remadhora 24 ne 50 senzi.

Ndakati, “Asi muri kutondipa tikiti?”

Akati, “Uri raiti ipapo! Ndiri kutokupa tikiti!”

“Zvakanaka,” ndakati, “changamire, zvakanaka. Asi hapana chandaona ini.”

<sup>73</sup> Akati, “Oo, pane chiratidzo kunze kwemuganhu wedunhu. Waifanirwa kunge wachiona.”

<sup>74</sup> “Zvakanaka,” ndakati, “ndanga ndigere mu 4 matut- . . . mumatutu emazaya echando kwemazuva 4, uye zvichida handina kungochionao, changamire.”

Zvino akati, “Zvakanaka. Iwe une mari yaunayo here pauri ipapo?”

Ndakati, “Ingangoita madhora 12 chete.”

<sup>75</sup> “Zvakanaka,” akati, “iwe uchagara ipo pano kusvika waibhadhara.” Kunenge kuma 10 o’clock usiku, kana kuti 11.

<sup>76</sup> Ndakati, “Changamire...” Ndakamuudza zvose, kuti dambudziko raiva rei, nezvenyama nezvimwe zvakadaro. Izvozvo hazvina kureva kana chinhu kwaari. Saka ndakatozosaina gwaro rine chokwadi, rekuti ndaizovatumira mari yacho.

<sup>77</sup> Pandakasvika kumba, ndakanyorera mutongi, weguta duku iri, mutongi mudiki uyo wandaizoitumira kwaari. Ndikamuudza. Ndakati, “Changamire, ndakaisa 20... anenge makore 25,” panguva iyoyo, “makore 26 mubasa raShe, ndichiedza kutendeutsira makororo kuna Ishe Jesu, kuedza kuchengetedza hupenyu hwako iwe semubati wehofisi, kuedza kuita nharaunda dzive nani, uye nenzvimbo yekugara iri nani, uye nehunhu kumhuri dzedu. Ndakaisa makore 20 neanoraudzira mubasa iri. Uye ndangoyambukawo muganhu wedunhu renyu. Ndinonzwa sekuti munofanira kundiregererawo nokuda kwazvo.” Ndakati, “Asi mupurisa wenyu haana kana kumbofunga nezvazvo, zvachose. Zvinova izvo kuti, pamwe anofanirwa kuti adaro, nekuita basa rake. Asi ndiri kukumbira kwamuri, semutongi. Haisi nyaya yemari; asi maitirwo azvo. Iyi ndiyo faindi yangu yekutanga kuti ndibhadhare, uye iyi inofanira kubva pamari yandinopiwa nevanhu kuti ndirarame nayo, kubudikidza nechechi.” Ndikati, “Mukangova nemoyo munyoro wekundiregerera pazviri, ndinozviyemura. Zvisinei hazvo, heinoi cheki yakasainwa zviri pamutemo, kuti muzive kuti ya—yakanaka hayo.”

<sup>78</sup> Hama, akangosaina zita rake pairi ndokuitora, zvisina kana hana. Sei? Sei? Uye zvakadaro, kubudikidza nezvematongerwo enyika zvakaora, maonero asiri iwo pane zvechitendero, vamwe vavo vanongosiwa vakadaro vaponda. Hezvoka izvo.

<sup>79</sup> Mwari havasi kuzorega Chechi yaVo iripo kwenguva refu pasi pezvinhu zvakadaro. Uye nyika yaora. Uye zvematongerwo enyika zvaodzwa. Uye chechi yakaodzwa. Chatinoda, kuita zvizhinji pamusoro pachu, vanhu vanotywa Mwari kuti vaungane pamwe chete vachidana paZita raShe. Ndizvo zvinofanira kuitwa neBranham Tabhenakeri. Oo, ndingazo...

Kungotarisa nekuona ndaiva nezvakawanda pamberi pangu.

<sup>80</sup> Uye kufunga kuti tingasimbisa zvakadini pane izvi, zvemafambiro ari kuita chechi; kuti varegedzeka sei pahunhu hwevanhu, kuti vanovarega sei vachirarama, nekuenda kumadhanzi uye kumarock-and-roll, nekupfeka chero zvavanoda, uye—uye nezvose, asi vachingoenderera mberi zvimwe chetezvo, vaparidzi vanorerutsa.

<sup>81</sup> Chatinoda vaparidzi vechinyakare, vakatumwa naMwari, vakazvarwa neDenga vanotaura Chokwadi zvisinei kuti chinorwadzisa ani. SaJohane, uyo akati, “Demo raiswa pamudzi wemuti.” “Uye muti mumwe nemumwe usingabereki zvibereko zvakanaka unotemwa ugokandwa mumoto.” Tinoda vaparidzi, vaporofita vakadaro, vanoputitsa, nekushandisa mitongo yaMwari sezvombo, kubvarura, mumamiriro ezvinhu akaipa atiri kurarama maari.

<sup>82</sup> Haugoni kubvisa chivi nekuchibhabhadzira kumusana. Haugoni kubvisa chivi nekupa vanhu dzidzo. Zvirongwa zvedu zvaparara uye zvakundikana. Pane mushonga mumwe chete wechivi, uye, ndiko kuti, Kristu ndiye mushonga wacho. Uye kwete Kristu kuburikidza nekupupura kwenjere, asi kubudikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kuHupenyu hutsva nekuzvarwa patsva. Ndiwo woga mushonga wechivi, mushonga woga wenyika. Ndiwo woga mushonga wechечи. Ndiwo chete mushonga wevanhu.

<sup>83</sup> Pano imwe nguva yapfuura. . .Ndinofunga vazhinji venyu imi vanhu vanofamba makambovako. Ndakagarako husiku hwese nguva zhinji, mukushanya kwangu kuMadokero. Kunova kwandinofanira kuenda svondu rinouya, zororo, kuwana zororo kubva kuhurumende yekuendako. Vari kundibata ndiri kuno. Uko, kwekuti kana vaizondiendesa kumwe, vanozogona kundiwana ndiri pano. Uye ndinofanira kuenda kumisanganano mishoma kuWest Coast. Uye kana Ishe vachida, ndichapfuura nemuguta iri duku rinonzi West Memphis, Arkansas. Rinongova mhiri kwewizi kubva kuMemphis, Tennessee. Uye munzvimbo iyi vaidanda kushandisa 2 nehafu miriyoni yemadhora kunhandare yemijaho, yekubhejera. Madhora 2 miriyoni nehafu, kudzikisira, nekusvibisa, nekuendeswa mweya yevanhu kugehena. Uye zvadaro vobata varume vakaita saBilly Graham, Oral Roberts, ini pachangu, neavo vari kutamburira basa raKristu, kupfuudza mari iri pamutemo nemucheche, votoda kuvapa makore 20 mujeri renyika. Kwagara kuri kuda kwenyika kuita saizvozvo.

<sup>84</sup> Ndakati, “Imi. . .Ndine hama dzakambenge dziri mujeri rehurumende.”

<sup>85</sup> Uye rimwe remagweta ndokuti, “Mune hama dziri mujeri rehurumende?”

Ndikati, “Ndakanga ndinadzo.”

Akati, “Vaiva vanaani?”

<sup>86</sup> Ndikati, “Mumwe wavo aiva Hama John, muAlcatraz, pachitsuwa chePatimosi. Uye mumwe wacho aiva Hama Pauro, mujeri rehurumende yeRoma. Uye Hama Danieri, vaivewo muimba yetirongo zvakare.”

<sup>87</sup> Uye Hama Joseph, nokuti vakanga vapomerwa chimwe chinhu chavakanga vasina mhosva nacho, vakaripira kwemakore, nokuedza kuva muranda chaiye waPotiferi,

uye mudzimai wake akamupomera. Uye akatongerwa mhosva, akaiswa mutirongo kwemakore, kusvikira ndebvu dzake nevhudzi zvakura, kusvika pekuti haana...Vakatoti vamuveure, kuti vaende naye pamberi paFarao. Chokwadi. Nekuda kwei, chimwe chinhu chakaipa here? Nokuda kwaKristu! Ndizvozvo chaizvo!

<sup>88</sup> Zvino voshandisa madhora 2 miriyoni nehafu panhandare yemujawo, kuti vasvibise nekupa chituko nekuendeswa mweya yevanhu kugehena. Vachitaura pamusoro pekuuya kwaMwari nekukurumidza!

<sup>89</sup> Asi vanhu vekuArkansas vakaita chimwe chinhu nezvazvo. Chechi imwe neimwe, ndinofunga, masangano 9 kana 10 akasiyana munharaunda iyoyo, vakaungana pamwe chete ndokuti, “Zvakashata. Uye isu hatisi kuzozvitendera.” Uye vakaita sevhisu yemunamato, uye vakaita nhevedzano dzeminamato, muswere wese, nehusiku hwese. Zvino vatongi nevarume vehurumende, uye vose vakaenda kudare mangwanani akatevera, kuti vaipedze nyaya yacho, kuti vaizokwanisa kuivaka here kana kuti kwete, vakasangana navo, uye yakakundwa. Munamato unoshandura zvinhu. Handina basa kuti munyika maora zvakadzi, nyika yedu yaora zvakadzi, rudzi rwedu, vanhu vedu; munamato wedu unoshandura zvinhu.

<sup>90</sup> Asi isu hatichina hanya nemasevhisi emunamato zvachose. Tine zvimwewo zvinhu zvakananda zvekuti tiite, tinofunga kudaro.

<sup>91</sup> Uye zvakarewo, kwete izvozvo chete, zvekuti nhandare yemujawo yakashaiswa maturo, asi zvakarewo kwakatarwa kunzi havakwanise kuva, mudunhu reArkansas, nechimwe chinhu chakadarwo zvakare kwemakore nemakore ari mberi. Sei? Nokuti vanhu vanodanwa neZita raKe ndokuungana pamwe chete vachinamata.

<sup>92</sup> Oo, chatinoda nhasi kudana pamwe chete, kugadzirira. Uye kwete kuvimba nemuparidzi, asi iwe, semunhu wega pamberi paMwari, zvigadzirire kuitira Kuuya kwaShe, kuti upunyuke kuora kwose uku.

<sup>93</sup> Hazvina mhosva kuti vanokudaidza kuti chii, uye idanho ripi ravanotora, izvozvo hazvishandure Mwari kana napadiki pose. Mwari vachazviita, zvakangodaro. Vari kuvimba nekumirira patiri. Oo, ini zvangu!

<sup>94</sup> Vamwe vanhu vanoti, “Manjeka, ndinoenda kuchechi mangwanani eSvondo. Ini ndinoteerera mufundisi wedu, anova muparidzi akanaka kwazvo.” Zvakanaka izvozvo. Ndinozviyemura izvozvo. Uye ndiwe America yacho, nyika, chero zvaungava. Asi zvinotorera zvinopfuura mharidzo yakanaka kubva papurupiti. Zvinotora hupenyu hwako. Zvinotorera iwe, kuti ugadzirire.

<sup>95</sup> Muna Zvakazarurwa chitsauko 19, nendima 7, Bhaibheri rakataura kuti, richitaura nezveMwenga waKristu, “Iye azvigadzirira pachaKe.” Akazvigadzirira pachaKe. Uye iwe, senhengo yeMwenga uyu, unofanira kuzvigadzirira pachako.

<sup>96</sup> Imwe nguva yapfuura, mumwe mushumiri aiparidza. Uye— uye pakanga paine mumwe murume aienda kucheche kwake, oo, kwenguva yakati rebei. Mangwanani iwayo akauya kuaritari. Uye akati, “Mufundisi, ndinoda zvino kupa huchapupu hwangu nekuzvipira kwangu kuna Ishe Jesu, zvinova zvandakaita manheru apfuura.”

<sup>97</sup> Mufundisi ndokuti, “Zvakanaka, ndinofara kunzwa nezvazvo, John. Kuziva kuti wazopedzisira wasarudza kuti uye kuzozvipira kunaShe, nokuti hatidi kukanganisa manzwiwo ako, asi tinoziva kuti wanga uri munhu akaipa kwazvo. Uye tinoziva kuti wakabata mhuri yako zvisina kunaka. Iwe wakapedza mari yako nekubheja, uye ukaishandisa pakunwa, nekurarama hupenyu hwakashata, uye mhuri yako ichitoshaya. Uye zvinopa moyo wangu mufaro, mangwanani ano, kuziva kuti wazouya mberi zvino uye uri kuzozvipira kuna Ishe Jesu, kuti uve munhu akasiyana, kuti uVashumire.”

Akati, “Maita henyu, mufundisi.”

<sup>98</sup> Ivo ndokuti, “Zvadaro chii...Ndinoda kukubvunzawo chimwe chinhu. Imharidzo ipi yandakaparidza, kana kuti chidzidzo chipi chandakashandisa, uye, kana kuti rwiyo rwupi rwakaimbwa muchechi, mumahimu, chakaita kuti usarudze kuita izvi?”

<sup>99</sup> Murume uyu paakavatarisa, kumeso, misodzi ichiyerera pamatama ake, ndokuti, “Mufundisi, haisi imwe yemharidzo dzenyu, kunyangwe hadzo, dzaive dzakanaka. Hakusi kuimba kwekwaya, kana nziyo dzakatsaurwa, kunyange hadzo dzaive dzakanaka.”

<sup>100</sup> Ivo vakati, “Saka ungaudzawo unganano iyi here chikonzero sei waita sarudzo iyi?”

<sup>101</sup> Akati, “Ndinoshanda nemumwe murume anova muKristu, uye ndakataura zvese kwaari. Ndakamuti muumburuki mutsvene. Ndikamuti mupengo mune zvekunamata nezvose, uye hazvina kana kumbomunetsa nepadiki pose. Asi akararama hupenyu hwekuti pakupedzisira, mumoyo mangu, nguva yose iyi, akawana imwe nzvimbo, yekuti ndinoda kuva semurume iyeye. Uye ndicho chikonzero ndakamukumbira kuti anditungamirire kuna Kristu. Ndaida Kristu iyeye waanoshumira.”

<sup>102</sup> Munoono, Mwari vanoshanda nemufundisi, kuti Chechi yaVo ive yakagadzirira. Vanoshanda kubudukidza nenziyo, kuti Chechi yaVo ive yakagadzirira. Uye Vanoshanda nemauro, kuti Chechi yaVo ive yakagadzirira.

103 Mufundisi wako akakundikana, uye oramba achikundikana, unozvitsvagira mumwe mufundisi. Nokukurumidza chaiko unodaro. Kana kwaya yako ikasaimba zvakana, kana vayo vanoimba vari voga vasina kunaka, waizoti kumutungamiriri, uyo ane mumhanzi, “Usavarega vachiimba zvakare. Vanongoita kuti ndisanzwe zvakana, vakaimba.”

104 Asi zvakadini newe sedungamunhu? Unokundikana zvakadii pakurarama kwako zuva nezuva? Unoenderana zvakadii naMwari, izvo Mwari zvavanoreva kuti uve, Chiedza chinopenya chinogara pamusoro pechikomo? Hapana anogona kupfura nenzira iyoyo, zvakana, nenzira yako, asina kuziva nezvaJesu. Imhandoi yehupenyu hwaunorarama, imwe yemhando dziya dzine hutsinye, dzinotuka, uye dzinoshungurudza, dzisina kana hanyin’a? Kana kuti, ungataura here nezverugare nerudo rwawakawana muna Kristu?

“Mwenga azvigadzirira pachaKe.”

105 Ndakuratidzai huipi hwacho. Uye nguva haina... yandiperera, kuti ndipinde nemumazera, nekuratidza kuti nguva imwe neimwe, semuBhabhironi pahusiku hwemakuwerere, nedhanzi nekunwa, nezvimwe zvakadaro, uye nezvakaitika. Uye zvichidzika nemuzera zvanga zvakadaro. Mumazera ose Mwari vakava nemheni dzevaporofita, vaiva nezviratidzo nezvishamiso, kuti vapomere chinhu ichi pakati pemukurumbira wese, uye nekumiririra Mwari vari voga.

106 Kwete izvozvo chete, asi ko dai ndaizotaura nezvenguva yaStefano mudiki, asiri muporofita, asiri mufundisi, achingova hake nhengo yeMutumbi waKristu. Kumira kwakaita muchinda mudiki uyu pamberi peKanzuru yeSanihedrini mangwanani iwayo, akataura kuna avo vaimupomera, ndokuti, “Imi vemitsipa mikukutu, vasina kudzingiswa pamoyo nenzeve. Munogara muchidzivisa Mweya Mutsvene. Sezvakaita madzibaba enyu, ndizvo zvamunoiwawo.” Akanga asiri mufundisi.

107 Iwe haungatarisire mufundisi wako kuti aite zvese. Haungatarisire bhodhi renyu rematirastii kuti riite zvese, kana bhodhi renyu remadhikoni. Unofanira kuzvigadzirira iwe pachako. Inyaya yemunhu sedungamunhu.

108 Uye, rangarirai, Kuuya kwaKe kuchangoitika kamwekamwe, zvekuti Chechi ichaenda mukubwaira kweziso. Uye kana tichiona chivi kumativi ose, uye nekutongwa kwakamirira, uye nezvikepe zvehondo dzehasha dzaMwari zvichiuya, tichapukunyuka sei izvi? Zviratidzo zviri kuoneka. Jesu ari kuuya. Uye zvishamiso zvikuru zviri kuitwa. Chiratidzo chega-chega chiri kunanga pakuonekwa kwaKe munguva pfupi iri kutevera, uye zvichaitika munguva pfupi.

109 Takamira sei, mangwanani ano, patiri kuzviongorora? Kana tikataurwa nesu, mangwanani ano, uye Ishe Jesu vakaburuka

kubva kumatenga, mangwanani ano, neKudanidzira neHwamanda yaMwari, tingawanikwa takagadzirira here, semutumbi wechechi? Tingawanikwa takagadzirira here, semunhu akazvimiririra, kuti tibatane neavo vanomutswa kubva kuvakafa, vakazviratidza pachena pachavo? Hazvinei kuti takagadzirira here kana kuti kwete, Ishe Jesu vachauya zvimwe chetezvo, panguva yakatarwa. Tinofanira kunge takagadzirira, uye tinofanira kuzviita iye zvino. Haisi nguva yekumirira. Tinofanira kudzikinura nguva uye tove takagadzirira.

<sup>110</sup> Imwe nguva yapfuura, imwe nyaya (ndisati ndavhara) yakandibata, sekuinzwa kwandakaita, makore mazhinji, kwazvo apfuura.

<sup>111</sup> Uku Kuuya kwaShe kwakavanzika uku; kuenda kamwekamwe, kwakavanzika kweChechi. Tarisai! “Pachava ne 2 mumunda; Ndichatora 1 ndosiya 1. Pachava ne 2 pamubhedha; Ndichatora 1 ndosiya 1.” Kuratidza kuti Kuuya kwaShe hakuzongova pane imwe kona bedzi, asi kuchava kwepasi rose. “Mumwe achange ari mumunda, achishanda,” masikati. “Mumwe ari pamubhedha, akarara,” kune rumwe rutivi rwenyika. Kuchange kuri Kubvutwa kwepasi rose, uye kuchauya neKudanidzira, neInzwi reMutumwa Mukuru, uye neHwamanda yaMwari icharira. Zvino vakafa muna Kristu vachamuka. Uye Achatorwa, zvakavanzika. Oo, ndinozvida izvozvo! Iye Chikomba chikuru ari kuuya, uye Mwenga akazvigadzirira pachaKe, akamirira nguva iya yakavanzika iyo Mwenga asingatombozivi, pachaKe. Asi Akagadzirira, uye akashongedzwa, uye akarimirira.

<sup>112</sup> Tinoona zvikwangwani zvezviratidzo zvaKe munyika, kuti yakagadzirira kutongwa. Tinoona zviratidzo nezvishamiso muChechi, zvinhu zvikuru zvichiitika. Tinofanira kuva vanhu vakaita sei? Takagadzirira panguva ino, nokuti hatizivi paAri Kuuya. “Imi ivaiwo makagadzirira, nokuti hamuzivi kuti Ishe wenyu anouya miniti kana awa ipi.” Iva wakagadzirira! Nokuti, haukwani kuzogadzirira ipapo, nokuti iYe akati haungagoni.

<sup>113</sup> Vangani venyu, mose pamwe, makaverenga nezvemhandara? Vamwe vakanga vakachenjera uye vamwe vaiva mapenzi. *Mhandara* zvinoreva “kuchena.” Vese vaive vanhu vakanaka. Mumwe nomumwe wavo, mhandara, midziyo yakachena yaMwari. Asi avo vakanga vane Mafuta mumarambi avo, vakapinda, uye vamwe vakasiyiwa kunze. Vose vakanga vari mhandara, mumwe nomumwe wavo. Vanhu vawaisakwanisa kunongedza munwe wako pavari, pane chero chinhu chakashata. Ivo, mumwe nomumwe wavo, vaitenda muKuuya kwaShe. Vakanga vakagadzirira kuenda kunosangana naYe, asi vamwe vavo vakarega Mafuta avo achipera.

<sup>114</sup> Usarega izvozvo zvichiva pauri. Chengetedza Mafuta mumwenje wako. Mafuta Mweya, Mweya Mutsvene. Usambofa



wakaArega achimimina kubva mauri. Paunonzwa rudo rwako rwuchipera, kutendeseka kwako kuna Kristu uye neku—kuChikonzero, kurumidza kuenda kwaAri uYo ane chitubu cheMafuta, ugozvitengera pachako kuzadzwa neMweya Mutsvene.

<sup>115</sup> Rudzi rvedu rwakaenda, rwakaora pahunhu uye rwaparara. Zvematongerwo enyika zvedu, zvakaora uye zvaparara. Vatungamiri vedu, O Mwari, chii chatingaita nezvazvo? Munogona kuisa murume akanaka, uye anobuda ari tsotsi.

<sup>116</sup> Pane Mumwe chete watinokwanisa kuunza zvino, ndiye Ishe Jesu. Ngatigadzirirei Kuuya kwaKe.

<sup>117</sup> Ndinoda kukutaurirai kanyaya kadiki kandakanzwa makore apfuura; mukuvhara. Uku Kubvutwa kamwekamwe, nekuchimbidza kweChechi!

<sup>118</sup> Zvino unoti, “Zvimwe zvinhu zvichaitika, ipapo ini ndichagadzirira.” Gadzirira iko zvino. Ndichangobva kukuudzai nezvePearl Harbor uye nenzvimbo zhinji kwavakaramba kunzwa yambiro. Vakaramba kuiteerera. Hapana chakasara kunze kwekutonga kwaMwari pavanhu. Zvino, zvese zvisingapinde muna Kristu zvichange zviri pasi pehasha dzaMwari nekutonga kweDenga. Ndapota usarega izvozvo zvichiitika kwauri.

<sup>119</sup> Hazvina mhosva kuti Branham Tabhenakeri ichazovei, usazvirega achiva iwe. Iwe iva muranda waKristu. Hazvina mhosva kuti nyika yemachechi inoitei, iwe iva muranda waKristu. Hazvisi kune Branham Tabhenakeri, kana kune imwewo chechi. Zviri kwauri iwe, sedungamunhu, kunge wakagadzirira paKuuya kwaShe. Unofanira kunge wakagadzirira. Ndinofanira kunge ndakagadzirira. Ndichatsvaira ruvanze rwangu ndoga. Zviri kwauri iwe kutsvaira ruvanze rwako. Siya rwangu rwakadaro; ini ndosiya rwako rwakadaro. Iwe unofanirwa kugadzirira hanzu yako.

<sup>120</sup> Paive nasapurazi wemombe mukuru, uye aiva muridzi wepurazi rakakura kwazvo remombe, uko kuchamhembe kweColorado, pedyo nekuchikamu chegomo.

<sup>121</sup> Sezvamunongoziva mose, ndakambofudza mombe zvishoma muhupenyu hwangu, zvekutasva mabhiza nezvimwe zvakadaro. Kumwe kwekudanirwa kwangu kuna Mwari, paive ndakagara pamavhiri engoro ekare ekuTexas, nepfuti iri pachisharo nekavhorovhoro parutivi pangu; pandakanzwa miti iyoyo ichivhuvhuta, zvakaita seNzwi rakati, “Adam, uripiko?”

<sup>122</sup> Zvino pandakaringa mudenga ndakatarisa nyeredzi, ndikanzwa mutana Slim, mufudzi wemombe mutana aibva kuTexas, achifuridza nemukamu nechibenga chebepa (Zasi pamuchinjikwa apo pakafira Muponesi wangu, kwaiva zasi ikoko ndichicheneswa kubva kuchivi ndakachema; Ipapo pamwoyo wangu Ropa raKe rakaiswa; Kubwinya kuZita

raKe), ndakadhonzera gumbeze kumeso kwangu ndikaedza kuzvivanza, nokuti Mwari vakanga vakatarisa zasi muzvikomo izvozvo.

<sup>123</sup> Paiva pane rimwe remapurazi aya, uko makambani makuru anorongedza zvinhu anotenga mombe dzawo, vodziisa mumakomo, uye vozodzibuditsa kana mhuru dzazvarwa, mu—mumatsutso egore, zvino dzozoiiswa muchiso, nekuzotengesa dzimwe dzemombe idzi dzekare, nengavi nedzimwe dzakadaro, uye vopfuurira mberi...kuunganidza mapoka avo mazhinji emombe.

<sup>124</sup> Uye pane rimwe purazi iri, muridzi waro, kana kuti muchengeti, watinodaidza ikoko, “wepamusoro,” foromani wacho, akanga aine vanasikana vanenge 5. Vese vaive madzimai vakanaka pachiso, vechidiki, vasina kuroorwa.

<sup>125</sup> Uye pakanga paine mudzimai wechidiki ipapo, aiva hama yevasikana ava, uyo baba namai vake vainge vakashaya vose. Uye akaunzwa ikoko kuti azo...agare nababa mukuru vake—vake.

<sup>126</sup> Uye vasikana ava, vaiva vakapfeka mhando iya yemarokwe anoyevedza, munoziva, uye—uye—uye vaingotora musikana mudiki uyu anonzwa tsitsi vachingomubata sekunge aiva mhuka. Basa rose rakaomarara raingoiswa paari iye. Aisuka ndiro. Aichenesa pamusha. Ndiye aiwaridza mibhedha. Ndiye—ndiye aitozviita zvose. Uye ivo vaingogara zvavo vakakwenenzverwa nzwara muminwe uye nekupenda, nezviya pamiromo yavo, uye zvose zvakagadziriswa, munoziva, zvingori zvepamusoro.

<sup>127</sup> Uye vakanyanya kuzviita pavakanzwa kuti kubva kuChicago, kambani huru inoita zvekurongedza zvinhu aive muridzi wayo, mwanakomana wake muduku, asina kuroora akanga achiuya kuzoshanyira purazi iri. Oo, vakabuda vakapfeka hembe dzakanaka! Ah! Uye vakapfeka ndokugadzirira kuuya kwake! Uye manheru ega-ega nhaurirano yaingova yekuti, ivo vachakwezva mujaya uyu voroorwa naye. Ndiani aizodaro... Ipapo vaizova varidzi vepurazi, ivo pachavo, nokuti mwanakomana ndiye aizogara nhaka yazvo zvose. Saka vakazvigadzirira.

<sup>128</sup> Saka, munoono, pane kugadzirira kunofanira kuitwa. Unozvigadzirira, nekujoinha chechi kana chimwe chinhu, handizvo zvoga zvinodiwa. Unofanira kuva neMafuta mumwenje wako. Maona? Kupfeka kwako chete, unoti, “Tichavaka kereke huru. Tichava vesangano riri nani. Ticha—tichawanira Ishe, ogani yemapombi. Tichagadzira zvigaro zvine mutefetefe.” Handizvo zvinodiwa naMwari.

<sup>129</sup> Kururama ndiko kunodiwa naMwari, muMwanakomana waVo, Kristu Jesu. Ndidzo hanzu dzacho. Nokuti Bhaibheri

rakati, “Nguwo chena dzaakashongedzwa nadzo, ndiko kururama kwevatsvene.” Saka iye . . .

<sup>130</sup> Vasikana ava vaifunga kuti vachazvigadzirira pakuuuya kwejaya iri. Honguka, kanun’una aka kanonzwisa urombo, kanondifungisa mumwewo murambiwa kune imwe nzvimbo. Waigona kumuyemura. Aiva mudzimai akanaka pachiso. Asi, oo, ini zvangu! Aiva musikana muduku akanaka, asi akanga asingatombooneka sechinhu pakati pavo, kunyangwe sehama chaiyo.

<sup>131</sup> Zvino ndiwo mufananidzo wechokwadi weChechi, nhasi uno, pamberi pemasangano. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Isingatomboonekwa kana; boka revemasangano akasiyana-siyana, boka raana murambiwa.

<sup>132</sup> Saka kasikana aka kanonzwisa urombo kakangoenda mberi, kachishanda. Uye pakasvika mujaya uyu . . .

<sup>133</sup> Havana kuzviziva, asi akauya achitsvaka mudzimai. Akanga afinhikana uye aneta nevasikana vemuguta vaingogara nguva dzese vakazvipenda nezvimwe kuti vayevedze, uye, oo, munoziva, vaingosweromhanyidzana nemabhawa, nekungotenderera vari mumaCadillac, ne—nezvinhu zvakasiyana-siyana. Vainge—vainge vangofinhikana uye vaneta nazvo. Mujaya akafunga, “Ndichaenda kuMadokero kunozvitsvagira mu—musikana chaiye anozova amai chaivo kuvana vangu. Uye mumwe munhu asiri kuzongomberereka muzvikwata zvekusona ne—nemasosaiti nezvinhu, asi achazongova amai chaivo.” Akawanei paakasvikako, asi chinhu chimwe chete chaakanga azvidza muChicago?

<sup>134</sup> Hameno kuti Ishe Jesu vachawana chechi here, inongova sangano, nezita chete, “chechi,” isina Mafuta mumarambi, isina kugadzirira kuenda? Oo, vane marokwe akanaka. Vane machechi makurusa, *izvi* zvikurusa, nezvimwe zvinhu zvose izvi. Asi Mwari havadi izvozvo. Vanoda iwe sedungamunhu. Vanogona kunge vaine vafundisi vakanakisa, vanogona kunge vaine bhodhi remadhikoni akanakisa, asi Vanokuda kuti iwe unge uine Mafuta. Vari kuuya kuzobvuta Mafuta iwayo neMwenga.

<sup>135</sup> Zvino iye, mukomana uyu, paakavatarisa, akaodzwa moyo. Zvino usiku ihwohwo vaiva nechimwe chinhu kunge . . . Mumazuva iwayo, kwaiva kare chaiko, yavaidaidza kuti “Charleston,” iyo yakangoda kufanana nerock-and-roll. Uye vakanga vachizova neimwe yemapati makuru iwayo. Vazhinji venyu imi vanhu munorangarira matambiro ekare eCharleston avaiita, kare ndichiri pwere, pandaiva kunze uko. Uye saka vose vakanga vakapfeka hembe nhema nechena, munoziva, kuti vaite . . . Oo, ainzi iwo “Charlestons,” ne “black bottom.” Ndizvo zvavaiadaidza. Uye vaiva nehembe dzemavara 2, uye vanga vari kuzoitwa matambiro aya.

<sup>136</sup> Uye, asi, mukomana uyu akanga afinhikana nezvinhu izvozvo. Ainge ari kutsvaga musikana chaiye, saka akabva abuda mupati yavo. Akanga achivatarisa. Akapindamo achinovatarisa.

<sup>137</sup> Ndizvo zvakaitawo mumwe Mwanakomana wandinoziva. Mumwe Mwanakomana achauya kucheche kwenyu. Acha... Mwanakomana waMwari, Achauya ikoko. Achatarisa kwese-kwese. Achaona kuti wakapfeka zvakanaka. Acha—Achazoziva kuti uri nhengo yakanaka. Asi Ari kutsvaga chimwe chinhu chakasiyana nemaitiro emazuva ese echechi.

<sup>138</sup> Saka paakatarisa kwese-kwese, mushure mechinguva, akawodzwa moyo kwazvo. Akabuda nepamusuwo.

<sup>139</sup> Zvino achidzokera, achifamba muchiedza chemwedzi, akananga kuimba yevashandi, akanzwa mumwe munhu achiita sekuimba mahon'era. Zvino akatarisa-tarisa. Uye hepano paifamba musikana mudiki uyu aine zipani hombe rine mvura yasukiswa ndiro, husiku hwaenda, asina shangu, kuti anorasira mvura yasukiswa ndiro iyi panze. Zvino paakangomuti ba, chimwe chinhu chakati, "Ndiye uyo. Ndiye wacho iyeye." Saka akazviisa munzira yake. Zvino musikana uyu paaka... Ndipo paakadzoka achitevedza fenzi yemombe, wanike, mukomana uyu akamira ipapo. Zvino akapotsa afenda.

<sup>140</sup> Mukomana akati, "Wakadii hako?" Ndokuti, "Zita rako ndiani?" Uye akamuudza zita rake, uye rakanga riri zita rimwe chetero romukuru wepapurazi. Akati, "Manje handisi kunzwisisa kuti sei izvi... Ndibaba vako here ava?"

<sup>141</sup> Akati, "Kwete. Ndinongova mwana wekwababamudiki, munoona. Baba vangu naivo vaive mukoma nemunin'ina. Ndine zita rimwe chete. Asi ini... Ava, ndivo mukuru webasa."

<sup>142</sup> Unogona kuva nezita rechechi, unogona kuva nezita reBranham Tabhenakeri, kana Methodist, kana chechi ipi zvayo yaunoenda. Handizvo izvozvo, shamwari. Maona? Chinhu chakatosiyana. Hunhu hwako. Ndiho hwakatariswa naMwari. Unogona kunge uri muMethodist. Unogona kunge uri muBaptisti. Unogona kunge uri muPresbyteriani. Handiyo nyaya yacho. Hunhu ndiho hunotariswa naMwari. Kwete hunhu hwepanyika chete, asi hunhu hweMweya Mutsvene. "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda," akadararo Jesu, muchitsauko 16 chaMutsvene Marko.

<sup>143</sup> Akabatikana kwazvo kuti—kuti mukomana uyu angatotaurawo naye, nhai. Akabva atsikitsira musoro wake mudiki pasi, ndokumhanya achipinda mumba.

<sup>144</sup> Mukomana uyu akavapo kwevhiki kana 2, uye akatarisa kwese-kwese, hako. Uye haana kuzotaura chimweze chinhu, asi akaramba akatarisa musikana uyu. Uye manheru asati aenda... Aifanira kuenda mangwana acho mangwanani. Vaizoita imwe pati huru. Akatarisa musikana uyu. Haana kumuwana. Aiziva

kuti aifanira kuzosuka ndiro nezvimwe zvakadaro, kuitira kuti, basa rine tsvina nezvose riitwe.

145 Uye ndiyo nzira iyo Chechi yaMwari chaiyo inofanira kuzvitora nayo imwe nguva, basa rine tsvina, ose mazita ekunyomba, nezvinhu zvose zvakashata, kuti zvikandirwe kwaIri. Uye Ishiri huru ine mavara-mavara. Dzimwe shiri dzose dzinougana dzichiuya kwaAri. Zvakangonaka. Zita rake riri muBhuku reHupenyu reGwayana. Achatambanudza bapiro Rake guru rimwe zuva kuti abhururuke. Akagadzirira. Makwapa iwayo airevera Ropa raKristu rakasaswa paAri. Maona? Makazviverenga muBhuku renyu, Bhaibheri.

146 Zvino mukomana uyu akaona mudzimai wechidiki uya husiku ihwohwo achibuda. Akati, “Ndanga ndakakutarisa. Hapana anozviziva kunze kwangu ini.” Akati, “Ndakauya kunze kuno kuzotsvaga mudzimai. Uye pane zvose zvandakaona, unozadzisa zvose zvinodikanwa.” Musikana uyu akanzwa sei? Mwanakomana wemunhu mukuru achimupfimba zvino kuti ave mukadzi wake.

147 Chimbofungidzira kuti vasikana ivavo vanofanira kunge vakanzwa sei pavaatarisa nepahwindo ravo ndokuona, akabatana maoko, nekamunin’ina kaye kadiki, kaizvidzwa, murume uyu wavaiedza kukwezva ivo, vaine nemarokwe avo makuru akaisvonaka, uye vachifarisa kwazvo.

Uye akati, “Ungachatawo neni here?”

“Oo,” akati, “changamire, handina kukodzera ini.”

148 Ndiwo manzwiwo anoita Chechi chaiyo pazviri, “handina kukodzera. Ndinogona...Kana ndikangosuka hangu ndiro dzeNyu chete, zvakatoringana.” Unoda here kutora nzvimbo iyoyo? Unogona here kusuka ndiro kubva paKudya kwemanheru? Ungada here kunzi mupengereki? Kana kuti, unoda here kutora nzira nevashoma vanoshorwa vaShe? Unoda here?

149 Unoda here, pabasa rako, kuiswa chiratidzo, “Pane mumwe murume pano, anopengereka nechitendero, nekuti haanwi, haapute, haadhanzi, haamhanyidzane nevakadzi?” “Pane mukadzi anogara akatsikitsira musoro wake, anofamba kunge...zasi nemudhorobha. Haasi...Haabatane nezvikwata zvedu?”

150 Unoda here kutora nzira iyi, wozvigadzirira paKuuya kwaShe? Kana uine...Kana ukadaro, unenge wakaMumirira kuti auye. Uchafara paKuuya kwaKe. Hachizove chinhu chinotyisa. Ichange iri nguva yakanaka kwazvo yaungafunga nezvayo, Kuuya kwaShe. “Vose vanoda kuonekwa kwaKe.”

151 Saka, paakaenda, akamuudza kuti aizodzoka pane imwe nguva. Akati, “Paunotanga kuona...” Yakanga iri nguva yechando. Akati, “Paunotanga kuona miti iyi yotungira,

mhiri uko, miti ye mesquite iyo nemimwe zvotanga kuunza hupenyu hutsva,” akati, “ipapo ndichadzoka nenguva dzinenge dzepfumvudza.”

<sup>152</sup> Ndinonzwisisa, handina kukwanisa kutaura kuti ichokwadi, asi musikana uyu aingowana dhora nemasendi 75 pasvondo pakushanda kwake. Asi aichengeta mari yacho yese. Sei? Akanga achigadzirira muchato wakanga uchazoitwa. Aichengeta mari yake yegauni remuchato. Nokuti mukomana akati, “Tichachatira pano papurazi pandinouya zvakare.” Akachengeta mari yake gore rose. Aifara chaizvo. Akanga asina hany’n’a nazvo kuti ageza ndiro. Aive asina hany’n’a nazvo kuti aaina hembe, kana kutsvaira imba yevashandi, kana zvimwewo. Akanga atsidzirana nemukuru wepapurazi apa.

<sup>153</sup> Tinoita hany’n’a nei pane zvinotaurwa nenyika, muKristu chaiye? Tinoita hany’n’a nei kana tikazvidzwa nekurambwa? “Vakaropafadzwa vanyoro, nokuti vachagara nhaka yenyika.” Mwanakomana weMukuru ari kuuya, rimwe zuva, uye tichaenda kuMabiko eMuchato. Zvinoita mutsauko wei kwatiri, kana uchida kuonekwa kwaKe?

<sup>154</sup> Mushure mezvose . . . Mazuva akafamba. Vanasikana vadiki, tukoma utwu, twakamuseka, tugotamba twakamutenderedza, nekuita zvimwe zvese. “Zvinoka,” twakati, “iwe mwana anonzwisa urombo, akapusa! Unoziva here kana ari . . . Handiti, anga akangofanana nevamwe varume vese. Aitongotamba hake newe.”

<sup>155</sup> Asi Mwanakomana waMwari haaite zvekutamba. “Kunze kwekunge munhu aberekwa patsva, haangatongogoni . . .” Handina basa kuti unotaridzika zvakana zvakadii, kuti unopinda chechi yakaita sei, une chimiro chakaita sei munyika. Unogona kunge uri wezvematongerwo enyika. Unogona kunge uri muhurumende. Unogona kunge uri muKatorike, muPresbyteriani, chero chechi yaunoda kuva mairi. Asi, hezvi, “Kunze kwekuti munhu aberekwa patsva, haungapindi. Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Ndiri kungotaura Shoko raKe chete.

<sup>156</sup> Pakupedzisira, pakasvika nguva, akatanga kuona izvi, mabukira akatanga kuuya pamiti. Aiziva kuti aizovapo chero nguva. Uye akati, “Ndichaedza kuzviita zuva rave kunonyura, kuti tigochata tobva taenda nekukasika.” Uye manheru ega-ega, pakuvira kwezuva, apo iye—iye aienda kunitora, ozvigadzirira, opfeka hanzu yake yemuchato, omirira pagedhi.

<sup>157</sup> Zvino tukoma twake utwu twaiuya twuchimuseka, nekumunyomba, ndokuti, “Iwe mwana anonzwisa urombo, akapusa, asina chaanzwisa. Kufunga kuti mu—murume muridzi we . . . Iye ndiye Mukuru-mukuru, waro, wekambani, kuti mukomana wake angatoroora musuki wendiro!”

158 Akanga achitsvaka hunhu kwahwo, kwete zvipfeko. Aiva nemari yaikwana kutenga mbatya dzose dzaidikanwa.

159 Mwari havanei nekuti zvinhu zvako zvinoyevedza zvakakura sei. Ndivo muridzi wezvose zviri munyika. Saka, Vanoda hunhu kwahwo. Vanoda chinhu chemazvirokwazvo.

160 Zvino, pakupedzisira, mamwe manheru, paakanga akamira ipapo, uye vachiseka nekumunyomba, nekumuudza kuti aive akapusa. Kamwekamwe, vakanzwa mahwanda orira. Chii chakaitika? Mhiri kwechikomo kwakauya buckboard. Zvino, buckboard ingoro diki yemabhiza, yakavhurika pamusoro, yakakurumbira kwazvo kuMadokero. Zvino mabhiza akabva anzwika nezvose, achiuya. Mhiri kwechikomo, ndokuuya ngoro iyi, uye yakamira pamberi pegedhi. Zvino akamhanya. Akati, “Ndaizviziva kuti uchauya.”

Ndizvizo zvichava Chechi rimwe zuva.

161 Akazvikandira mumaoko ake, mukomana uyu ndokuti, “Mudiwa, ndanga ndine murume anga ari papurazi rino kubva pandakabva pano gore rapfuura, uyo akandiunzira mashoko ezvose zvawakaita.”

162 Mwari vane Murume akamira mutabhenakeri ino, mangwanani ano, anonzi Mweya Mutsvene. Anoziva zvakavanzika zvemoyo wako. Anoziva zvese zvawakaita, kana zvaunofunga. Anoudza Baba zvinhu zvose zvaunoita. Anounza mashoko aya nguva nenguva.

163 Akati, “Uye akandiudza kuti wakamirira, uye ukashanda, uye wakashingaira mukutsungirira, uchimirira kuti ndiuye. Zvino, wanga uri muranda kwenguva refu, asi zvino mazuva ohuranda hwako apera. Ndauya nemushumiri, pasi peaya marozi akashongedza, uchava mudzimai wangu.” Akamutsvoda, akaisa rin’i yemuchato pamunwe wake, akamusimudza ndokumugadzika mungoro yemabhiza iyi, akamumbundira neruoko rwake. Ndokutyaira, kunowana imba huru iyi muna Outer Drive muChicago, vakasarudzwa vemunyika, kwaazizogara semwenga wake.

164 Sei? Akanga agadzirira. Akanga ararama uye aive mhando yemudzimai waaida. Zvakaitika panguva iyoyo chaiyo.

165 Uye Kuuya kamwekamwe, kwakavanzika kwaShe, nyika haizive kuti zvichaitika, asi isu tinoziva. Kwave pedyo. Usaite semudzimai wechidiki wvakakumura hembe, mu Pearl Harbor, unofa zvinonyadzisa. Iva seUyo akazvigadzirira, uye akachengetedza hunhu hwaKe, uye akanga akamirira Kuuya kwaShe, nokuti kuchava kwakavanzika uye kamwekamwe.

166 Pamuri kufunga pamusoro pezvinhu izvozvo, ngatikotamisei misoro yedu kuna iYe Achauya.

167 Tisati tataura naYe, murume wese nenzira yake, mudzimai wese, mukomana, kana musikana. Uye ndichitaura naYe uye

ndichiziva kuti Mumiririri waKe akavanzika, Uyo wausingagoni kuona neziso rako, saka Ndiye Mumiririri akavanzika, Mweya Mutsvene akaropafadzwa ari muchivakwa chino. Unoda here kuti iYe akurangarire pamberi paBaba, mangwanani ano, kuti unoda kuva wakagadzirira, uye paAnouya, kuti ugoenda naYe? Kana uchida, ungasimudza ruoko rwako here kwaAri? Ishe vakuropafadzei. Ndinofungidzira kuti ruoko rwese rwuri muchivakwa; rwanguwo, zvakare. “Ndinoda iMi, Mweya Mutsvene, kuti muudze Baba, Tariraiwo zasi pandiri. Ndiri—ndiri kutora nzira nevanhu vaVo vanozvidzwa. Ndi—ndinoda kuenda, ndinoda kuva ndakagadzirira. Ndi—ndinoda kugadzirira iko zvino, nokuti Anogona kuuya sevhisu ino isati yapera.”

Marudzi ari kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo zvakafanotaurwa ne vaporofita;  
Mazuva eMarudzi ave kupera, nenhano  
akatsimbirirwa;  
“Dzokerai, imi vakapararira, kune yenyu.”

Zuva rorudzikinuro rava pedyo,  
Moyo yeparume iri kukundika nokutya;  
Ivai makazadzwa neMweya waMwari, mwenje  
yenyu yakagadziriswa uye yakajeka,  
Tarisai mudenga! Rudzikinuro rwenyu rwava  
pedyo.

Muonde uri kukura; Israeri iri kudzoreredzwa.

<sup>168</sup> O Mwari! Muonde uchibukira, Israeri achidzokera senyika! Pandanzwa mufundisi vedu mangwanani ano, vachitaura, kunamatira Israeri! Hamuzive here kuti ndiko kubukira kwacho? Anofanira kuuya panguva iyoyo.

<sup>169</sup> Kuona iya *Maminitsi Matatu Tisati Tasvika Pakati Pehusiku*, nyaya iya, ndichiiona pa—pakamera yangu, kana projekita mukamuri yangu yepasi, apo maJudha aya akwegura akaremara achuuya nezvikepe nezvose, kubva kumativi ose senyika. Mubvunzi akati, “Muri kuuya kumusha kwenyu, kuzofira kumusha here?” Akati, “Kwete. Tiri kuuya kuzoona Mesiya.”

<sup>170</sup> Muonde uri kukura. Hamusi kuzviona here? Zuva Rorudzikinuro rava pedyo.

Vaporofita venhema vari kunyepa, vari  
kuramba Chokwadi chaMwari,  
Kuti Jesu Kristu ndiye Mwari wedu;

Hamusi kuona here patave?


Asi isu tichafamba pakafambwa navaapostora.  
Zuva rerudzikinuro rava pedyo,  
Moyo yeparume iri kukundika nokutya;  
(Pafungei!)



Ivai makazadzwa neMweya waMwari, mwenje  
yenyu yakagadziriswa uye yakajeka,  
Tarisai mudenga! Rudzikinuro rwenyu rwave  
pedyo.

<sup>171</sup> Ishe Mwari, munguva ino huru, pandinotarisa paungano iyi diki ndichiona zviso zvitsvuku nematama azere nemisodzi, tinoziva kuti Mumiririri mukuru uyu akavanzika amire pedyo, Mweya Mutsvene.

<sup>172</sup> Zvino ngatitorei nzira nevashoma vanozvidzwa vaShe. Kana paine kukanganisa kudiki munharaunda yedu, pakati pevanhu, pakati pechechi, kana kupi zvako kwakuri, izvozvo hazvinei nesu. Hatisi kuzosvibisa nguo dzedu nezvinhu zvemunyika, zvachose. Nokuti Muchauya rimwe zuva munguva isipi, mukubwaira kweziso, Kubvutwa ikoko kamwekamwe, kwakavanzika kweChechi yeNyu. Muchange muchiuya napamusoro pechikomo chenguva, pasi nepamuraraungu wakachinjika, kuzatora Chechi, nokuti Rugwaro rwakati, “Hwamanda yaMwari icharira. Uye vakafa muna Kristu vachamuka. Uye tichabvutwa pamwe chete navo, muchadenga, kuti tisangane naShe, uye tigova naShe nekusingaperi. Naizvozvo, hama dzangu, nyaradzanai nemashoko aya.”

<sup>173</sup> Izvi ngazvireve chimwe chinhu pakadzika mumoyo yeungano ino mangwanani ano. TichaKurumbidzai muZita raJesu. Amen. 

58-1012 Kuenda Kamwekamwe, Kwakavanzika KweChechi  
Branham Tabhenakeri  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)